Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 34 (9776) / 20 август 2018 с. / итни 9 Зуль-Х1иджа 1439 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




***Курбан - Байрам, символизирующий торжество духа и нравственную чистоту, воплощает в себе благородные идеалы ислама - веротерпимость, любовь к ближнему, заботу и милосердие ко всем. Самопожертвование, добро и справедливость находят отклик в сердцах всех мусульман.***

***Пусть высокие гуманистические ценности ислама и впредь служат укреплению духовности, взаимопонимания, единства и согласия между нашими народами, способствуют сохранению мира и согласия в обществе.***

## Уважаемые жители района!

Поздравляем вас с праздником Курбан-Байрам! В этот праздник желаем всем вам доброго здоровья, счастья и достатка в семьях, благополучия, успехов во всех ваших добрых начинаниях и делах.

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов***

Поздравляю вас со священным праздником Курбан - Байрам! От всей души желаю вам счастливой и благополучной жизни, пусть все ваши молитвы будут услышаны, а наградой за милосердие, самоотверженность станут крепкое здоровье и достаток в доме.

**Депутат НС РД М.-п. (К.-п.). Д. Умаханов**

Пусть в этот священный праздник в ваших душах будет радость, свет и чистота. Желаем, чтобы Аллах никогда не оставил вас, помогал идти в жизни правильными дорогами, указывал на верные решения и давал мудрости вашим поступкам. Да прибудет с Вами милость Всевышнего!

**Секретарь политсовета**
**ВПП «Единая Россия» Д. Г. Махачев.**
**Руководитель исполкома местного отделения**
**ВПП «Единая Россия» С. Г. Алтумирзаев**

## Диналъул вацал ва яцал!

Рак1-рак1алъ баркула нужеда бусурбабазул бищунго къиматал байрамаздасан цояб-Къурбан къо. Гьарула нужее щулияб сахлъи, халатаб ва ракъилаб г1умру. Аллагьас къабул гьабеги нилъеца гьабураб г1ибадатги кьураб садакъаги.

***Районалъул имамзабазул***
***Советалъул председатель А.-р. Качалаев***

## Х1урматиял районцоял!

Баркула нуж киназдаго Къурбан-Байрам! Гьарула нужее сахлъи,рохел,талих1 ва гьарулел лъик1ал ишазулъ бит1ккей. Аллагьас къабул гьареги нужер г1ибадатгун садакъа.

***Жамг1ияб палатаялъул председатель Х1.Адимирзаев***
***Рагъулгун зах1маталъул ветеранazул***
***Советалъул председатель Х. Мух1амадх1абибов.***
***Ригь аразул Советалъул председатель М. Чупалаев.***

# Районалъул администрациялда



14 августалда тIобитIараб аппараталъул иргадулаб данделъиялда гIахьаллъана-районалъул бетIер Х.Х. Мусаев, гьесул заместителал: И.И. Шабазов,И.Б.Салимханов, З.Н.Эмеев райадминистрациялъул, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул администрациябазул бутIрул.

Данделъиялъул хал гьабиялде босун букIана, **«Цолъи- нилъер къуват»** абураб ахIиялда гъоркь, 1999 соналъул августалда Дагъистаналде тIаде кIанцIарал законалде данде кколарел яргъидгIуцIарал щущахъ риххизариялъул 19 сон тIубаялъул хIурматалда, чуял рекеризе риччаялда ва спорталъул къецал тIоритIиялда хурхараб суал.



Гьеб суалалда тIасан кIалъарал- И.Б. Салимхановас, З.Н. Эмеевас,И.И. Шабазовас ва физкультураялъулгун спорталъул, гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул начальник И. А. Булатхановас гьениб бицана тIадехун рехсараб тадбир тIобитIиялда сверухъ гьабулеб бугеб хIалтIул.

Данделъиялъул хIасил гьабулеб жиндирго кIалъаялда Х.Х. Мусаевас абуна: **«Нилъеца тIобитIизе бугеб тадбир ккола гIемерал гьалбал ва районалъул гIадамал гIахьаллъизе бугеблъун. Гьелъ, гьеб гIуцIиялъухъ балагьун кьезе буго нилъер хIалтIуе къимат. ТIадехун рехсараб данделъи гIуцIулезде гьари буго тIаде босараб иш жавабчилъиялда, гIадамаз рагIи абулареб къагIидаялда нухда тIобитIиялъе тадбирал гьариялде кIвар буссинабе»**,-ян.

# «Гургинаб» стол тIобитIана



1999 соналъул август моцIалда законалде данде кколарел яргъид гIуцIаразул къокъаби Чачан Республикаялдасан Дагъистаналде тIаде кIанцIаралдаса тIубана 19 сон.

Гьелда хурхун, 15 августалда **«Салатавия»** телестудиялда тIобитIараб «Гургинаб» столалда гIахьаллъана- райадминистрациялъул бетIерасул заместитель И.Б. Салимханов, доб заманалда - комендантаналъулаб ротаялъул командир, захIматалъул ветеран С.М. Саипов, Ленинаул росдал администрациялъул бетIер, МДЮСШялъул директор М.М. Пазаев, Дилим росдал ополчениялъул штабалъул начальник, лъималазул творчествоялъул Рукъалъул методист, доб заманалда Дилим росдал администрациялъул бетIерасул заместитель, ополченцал - руччабазул штабалъул начальник З.Э. Абакарова, районалъул Централияб библиотекаялъул директорасул заместитель М-хI.М-р. МухIамадхIабибов, районазда гьоркьосеб чанахъабазул Обществоялъул председатель Д.ХI.Эмеев.

Гьез бицана дол хIинкъи букIарал къояз районалъул росабалъ букIараб ахIвал - хIалалъул, ополчениялъул отрядал гIуцIиялъул ва гьел яргъидалъун хьезариялъул, кидаго хIалае рахъунел гIолохъабазулги, гIисиназулги, чIахIиязулги, руччабазулги бахIарчиял ишазул, гьезул таваккалалъулгун сахаватлъиялъул.

***И. ИДРИСОВ.***

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

*Къо ккаралъур ратаразе- даимаб рецц!*

# Нужер гьунаралдалъун машгьурлъана Дагъистан

**(Дилим росдал ополченцазул отряд гIуцIаралдаса 19 сон тIубаялде)**

Къоабилеб гIасруялъул 90 соназ пачалихъалда ккараб хиса-басиязул хIакъикъат лъаларев чи нилъеда гьоркьов ватиларо. Гьеб заманалда, ай, 1990 соналъул сентябралда дилим росулъ тIобитIараб данделъиялда гIуцIана имам Шамилил цIаралда бугеб Халкъияб фронт. Абизе бегьула, гIуцIанин Дагъистаналда (нилъго цIуниялъе) ополченцазул отряд тIоцебе Дилим росулъ. 1994 соналъ гьеб отряд гIуцIиялъе буюрухъ хъвана райсоветалъул председатель С.ГI. ГIабдуразакъовалъ.



Доб заманалда букIараб Халкъияб фронталъул кьучIалда, гьаб макъалаялъул авторасул предложениялда рекъон, гIуцIана Дилималда I994 соналъ ополченцазул отряд ва гьелъул штабалъул начальниклъун тIамуна Мусашайих ГIазаев. Ополчениялъул штаб букIана цебесеб спортшколалда. Хасаб графикалда рекъон,ополченцал - гIолохъабаз жидерго ц1униялде росана-школал, лъималазул ахал,больница ва цогидалги кIвар бугел учреждениябигун организацияби.

Камиллъулеб букIана гIолохъабазул рагъулаб махщел. ТIоцебесеб чачаназул рагъ байбихьилелде, Дилим росдал ополченцазул къадар 2100-ялдасаги цIикIкIун букIана. Гьединго, ополчение гIуцIиялъе ва гьеб щулалъизабиялъе квербакъана 1996 соналъул январалда росдал администрациялъ къабул гьабураб хасаб распоряжениялъги.

Гьелда хъван букIана: «Район Чачан республикаялъул гIорхъода букIин, цогидал районазда бугеб ахIвал-хIал, росдал гIадамазул пикраби хIисабалдеги росун, росу цIуниялъе отряд гIуцIизе ва гьелъул нухмалъулевлъун М.М. ГIазаев тIамизе»,-ян.

Ополченцаз гьабураб хIалтIи гьаниб рехсон бажаруларо.Ополченцазул отрядалъул бахIарчилъи батIаго цIакъ загьирлъана 1999 соналъул 7 августалда Болъихъе тушбаби кIанцIараб заманалда. Гьенире кумекалъе щваразул тIоцереселлъун рукIана гьел. Гьелъул хIакъалъулъ гIемер хъвана республикаялъул ва районалъул газетазда, бицана телевидениялда. Болъихъе цо къадар ополченцазул унилан, тохго чIечIо росулъ хутIарал ополченцалги.

**«Сельхозтехника»** гIуцIи букIаралъуб ахIулаан штабалъул данделъи. Гьенир штабалъул начальникасул заместителаллъун рищана - И.Р. Идрисов ва ТI. И. Салаев.

Хехаб заманалда гIуцIана гIолохъабаздасан рагъул къокъаби, бахъана росдал карта, рихьизаруна ц1униялде росизе кколел объектал. Гьезул къадар бахана 41-ялде. Гьебго заманалда гIуцIана 100 чи гьоркьове вачунеб рота. Гьелъул командирлъун тIамуна АбутIалиб МухIамадов. (Гьев мустахIикълъана Дагъистан Республикаялъул Пачалихъияб Советалъул ХIурматалъул грамоталъе).

Гьединго, штабалда букIана гьенибго чIараб, хIажалъи ккедал бахъине хIадураб хасаб отряд. Гьелъие нухмалъи гьабизе тIадкъана Ибрагьим Булатхановасда. Отрядалъул щивав чияс тIадегIанаб даражаялда тIубазабуна жинда гьабураб божилъи.

Доб заманалда Пачалихъияб Советалъул Председатель М.М. МухIамадовасул халкъалде хитIаб букIана, цо бугеб гIака бичунги,нужго цIунизе ярагъ босеян.

Гьелдаго цадахъ, районалъул ветераназул Советалъул президиумалъ хитIаб гьабуна учреждениябазул организациябазул нухмалъулезде росу цIуниялъе рагьараб фондалде гIарац биччазе ресал ратеян.

Гьеб ишалъулъ гIахьаллъана росдал киналго идараби, щивав чи, руччаби,пенсионерал. Гьеб зах1матаб заманалда бищунго бакIаб гьир баччана районалъул администрациялъул бетIерлъун вукIарав ГI.М. ГIазаевас. Гьев вукIана дилимазул ополченцазе мисаллъун. Релъеда къадги, цIадакьги, макьу тун, цIунана нилъер районалъул гIорхъи ополченцаз. Ярагъ кодобгун, район цIунизе рахъана тIубарал хъизаби,тухумал, чIахIиял ва г1исинал.

Хасаб реццалъе мустахIикъал руго росдал руччаби. Гьезги гIуцIун букIана (Зульфия Абакаровалъул нухмалъиялда) рагъулаб штаб. Киназдаго лъала нилъер район цIуниялъе федералиял аскаразул къокъа рехун букIараблъи.

(Гьелъие щибаб къойилаб кумек гьабуна росдал гIадамаз,хасго руччабаз. Гьез хинаб ратIлидалъун, квен-тIехалдалъун ва цогидаб хIажатабщиналдалъун гьеб хьезабулаан). Дол захIматал къояз тIадегIанаб жавабчилъиялда хIалтIана районалъул ополченцазе нухмалъи гьабулел, штабалъул киналго членал.

Жидерго аслияб хIалтIи лъугIун хадуб, гьел рукIунаан хандакъахъ, гIорхъода ва гIолебгIолареб рахъалъул хIалалда.

Гьеб киналъульго жигараб гIахьаллъи гьабуна-ГIазаевазул, Аги99999999999999999999999-евазул, ГIалимхановазул, ГIаливукъаевазул, Булатхановазул, Идрисовазул, Гъанаматовазул, Шарабудиновазул, СагIидовазул, Гъанищевазул, Темирбулатовазул, Ибрагьимовазул, Салимхановазул, ГIабдурахIмановазул, МуртазгIалиевазул ва гь.ц. тухумаз. Гьари буго рехсечIого хутIарал ратани, тIаса лъугьаян, щайгурелъул, доб заманалдаса ана гIезегIанго сонал.

Ополчениялъул **«Нилъер районалда тушманасе бакI гьечIо»**,-ян гьабураб ахIи тIолалго дилимазе,районцоязе лъугьана аслияблъун. ВатIан цIуниялъулъ жидерго бутIа лъуна чанахъабазги. Гьезул къадар бахана 15 чиясде.

Район цIунулезе материалияб кумек гьабиялъулъ гIахьаллъана- МахIачхъала, Каспийск ва цогидалги шагьаразда гIумру гьабун ругел ракьцоял. Гьез хIажатаб бакIалде харж гьаризе ритIун рачIана- гIарац, кванил нигIматал, рагъухъабазул ретIел ва гь.ц.

Гьава- бакъалъухъ, заманалъухъ балагьичIого, хIажаталъуре ополченцал щвезаризе хIадур чIун букIана автотранспортги.

Дилим росдал ополченцаз къо хIехьеялъул,гьезул штабалъул хIалтIул хIакъалъулъ,гIатIидго, бицине буго 2019 соналъ ополчение гIуцIаралдаса 20 сон тIубаялде тIоритIулел тадбиразда.

**И.ИДРИСОВ.**

*Ишахиса лъим*

# Эргъвендерил жамагIатгун дандчIвана

10 августалда Гъозтала росдал бетIер Абакар Абакаровас, районалъул рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель, Гуни росулъа Хункарби МухIамадхIабибовас, Буртунаялъул администрациялъул бетIер АхIмад Салмановас, имам Рамазан Къасумовас,харабазул Советалъул член Батигере ХIайбулаевас, жамгIиял хIаракатчагIи: Расул Мусаевас, Мурадис Ахгубековас сапар бухьана Гумбет районалъул Аргъвани росулъе.



Гьел гьенире щвеялъе гIиллалъун букIана эргъвендерил тIалабалда бугеб ракьалдасан нилъер районалъул росабалъе лъим бачиналъе изну боси.

Мажгиталда жамагIатгун тIобитIараб данделъиялда кIалъарал - Р. Къасумовас, А. Салмановас, М.Чупалаевас эргъвендерил жамагIаталъе бицана Ишахиса лъим бачиналъе бугеб гIилла ва гьарана гьелъие разилъи. ЖамагIаталъул рахъалдасан кIалъаралросдал имам Камиль Якъубовас, жамагIаталъул Советалъул председатель Пазлу МухIамадовас, пенсионерал: МухIамад Назировас, МухIамад МухIамадгъазиевас, росдал администрациялъул бетIер АхIмадбег Ибрагьимовас ва цогидазги гьениб бицана умумулъанго бачIараб нилъер районалъул гIадамазулгун бугеб гьоболлъигун гьудуллъиялъул, къо тIаде бачIараб заманалда цоцазе хIалае ва кумекалъе ратиялъул.



**«ГьабсагIатги нилъер гIадамазда гьоркьоб буго щулияб бухьен. «Хъиргъу» тукадул бетIергьанчи ГIузайри Даитовас нижер мадрасалда, жиндирго харжалдалъун, лъуна тIох, гьединго, ниж уна буртабазул магIарде къоно-гамачI бахъизе. Кумек гьабуни гурони,гьеб гьениса босугеян буртабаз абичIо. Нужеца бачунеб лъее щибниги квал-квал букIине гьечIо, хIажалъи ккани, кумекалъе рахъинеги ниж хIадурал руго»,**-ян абураб жамагIаталъул пикру загьир гьабуна кIалъазе рахъараз.

Лъим бачине изну кьеялъухъ, гьелда жиб разияб букIиналъухъ эргъвендерил жамагIаталъе баркалаги кьун, лъим бачиналъе ихтияр кьолел кагътал цоцазухъе кьезе къот1иги гьабун, нилъер росабазул вакилзаби тIадруссана.

11 августалда Ишахиса лъим бачунезул гьоболлъухъ щванаОМВДялъул начальник ГIалхан Халидов, **«Устар»** тукадул директор Султан Сурхаев, медицинаялъул страхованиялъул территориалияб отделалъе нухмалъулев МухIамадбег ИсмагIилов, райСобраниялъул депутат ГIусман Мух1амадсултанов ва финансазул Управлениялъул бюджеталъул отделалъул начальник ГIабдурахIман Адуев.

*Информцентр*

# Къисматалъул кьерал

## (Отпускалъул хъвай-хъваял)

Лъабго къо цебеккун отпуск байбихьаниги, кагъат-къайи цойиде ккезабулаго, дунги гьеч1ого х1алт1ит1убалареб кинниги, дун хут1ана х1алт1улеб бак1алда. Ахирги т1аде щвана дун рукъой ч1араб отпускалъул т1оцебесеб къо. Гьанже байбихьизе ккolеб бук1ана цоги к1вар бугеб ишалде. Отпуск х1алхьи гьабизе гуреб, дагьабги зах1матаб рокъоб х1алт1и гьабизелъидалха босулеб. Гьеб босула ремонт, рукъ-бак1алъул ва азбар-къоноялъул х1алт1и гьабизе, хасалиде соленияби, варенияби, компотал х1адуризе. Отпускалъул т1оцебесеб къо унеб бук1ана щибниги гьабич1ого, гьание-дое свериялда. Рукъоб ва азбар-къоноялда гьабизе кколелъул пикрабазда йигей дида бихьулеб бук1ана т1аса бер босизе бегьулареб яшав-къоноялда квер бахъизе отпускалъул заман дагь бук1ин. Гьабин абун, сундего кверинч1ей дица х1укму гьабуна шагьаралде лъималазухъе щвезе ине. К1албиччанкъоялъ инч1ого хут1арал, дун щвезе яч1инег1ан ч1еч1ого, больницабаздаса рахъарал унтарал, рак1 щварал лъималазул лъимал – киназдего т1аде щвезе рак1алде ккун, хасго дир рек1ел гьудул - Маринагун дандч1вазеги бокьун, сапар бухьине рак1алде ккана дида. Гьеб кинабго ишалъе кьезе х1укму гьабуна лъабго къо. Шагьар бук1ана дие бокьулареб бак1 ва, х1ажалъи гьеч1ого, заман гьениб базе дие данде ккolароан. Нисо-т1орахьалъул банкабигун, паст1аниса бахъараб г1урччинлъиялъул пакеталги ц1езарун, дун нухде яхъана.

Мариналгун дандч1вай бук1ана ц1акъго к1вар ц1ик1к1араб иш, щайгурелъул, зама-заманалда дандч1ван, цоцадаса урхъи буссинч1они, ниж к1иялго х1алалъа рахъулаан. Цоцалъ х1ал рекъей нижер ккун бук1ана университеталда ц1алулел соназ. Гьениб ккараб щулияб гьудуллъиялъ ниж лъугьана ц1акъ цоцазе рак1 г1агарал г1адамаллъун. Марина йик1ана лебалай, сундухъаго нахъе къаларей, гьираялда бокьараб иш гьабулей г1адан. Ц1али гьаби, студентазул г1умруялъул цоги рахъал т1урай, гьудул-гьалмагълъигун лъик1ал гьоркьорлъаби ц1уни - кинабго гьелъ гьираялда т1убазабулаан. Ахирисеб курсалда жидерго росулъа васасеги ун, Маринаца г1уц1ана берцинаб хъизан. Гьезул г1олев вук1ана к1иго вас.

Маринал яхьана лъик1ай муг1алим. Гьелъ бергьенлъаби росулаан конкурсазда, къецазда, гьелъие щун рук1ана х1укуматалъул г1емерал шапакъатал. Заманалдасан Маринаца нухмалъи гьабизе ккана республикаялдаго цебет1ураб ва лъайкьеялъул ц1иял къаг1идаби т1орит1изарулеб гимназиялъе. Гьелъул ц1алдохъаби рахъана г1алимзабилъун, депутаталлъун, ишалъулал г1адамаллъун. Аслияб махщеллъун Маринаца рик1к1унаан г1иц1го муг1алимлъи. Муг1алимасул х1алт1иги тун, х1укуматалъул хъулухъалде арай дун Маринае йик1ана **«хиянатч1ужулъун».**

Т1убараб къо лъималазул ах1и-х1уралда гъорлъ уней Маринае кидаго хирияб бук1ана сих1къот1и, г1одобиччай. Гьелъие бокьарабги гьабун, росас, шагьаралда аск1об бугеб ц1иял рукъзал ралеб бак1алда ракьги босун, байбихьана жидерго рукъ базе. Гьелдаса ц1акъ йохун йик1унаан Марина.

- К1варич1о, жеги нухал гьарун гьеч1ониги, рик1к1ад бугониги, азбаралъуб лъуг1улареб х1алт1и бугониги. Гьаб буго дир рек1ее х1алхьи бук1унеб бак1. Гьаниб буго бац1ц1адаб гьаваги, кавуялде жание лъугьингун дирго рукъгун, азбаралъур ругел т1угьдулгун, хъизангун хут1иги дие ц1акъго бокьула, - ян абулаан Маринаца. К1вараб х1ал кьун, узданаб яшав г1уц1ун йик1ана гьелъ. Берцинал рищун т1угьдул ва гъут1би ч1ун, къач1ан бук1ана азбар-къоно ва кавуялда аск1об бак1.

Халат бахъинч1о Маринал гьеб талих1. Бит1ун лъимал г1олеб ригьалъ, нагагьаб балагьалъул х1асилалда, хвана гьелъул рос. Маринада ч1араб къо бихьун, кколеб бук1ана к1веладайин гьелда г1адатияб г1умруялде т1адюссине абун. Г1акълу босарал г1адал бераз васазухъги ялагьун, квен тун, к1алъач1ого, щибго сверухъ бугебги лъаларого, йик1ана Марина. Гьейги лъимальги къварилъиялдаса рахъизе г1емераб х1аракат бахъизе ккана г1агарлъиялъ ва гьудул-гьалмагълъиялъ. К1вана Маринада къисматалъул х1албихьи бах1арчиго х1ехьезе. Лъаг1ел иналде, жиндирго гимназиялде т1адюссана гьей. Хвасарлъи балагьулей кинниги, байбихьана х1алт1уде. Ц1алдохъабазулгун ва цадахъ х1алт1улезулгун гьелъул гьоркьорлъаби жеги щулалъана. Жиндаго машина бачине ругьунлъун, рукъ-яшавалъул ишал гьираялда гьарун, Марина т1адюссана г1адатияб г1умруялде. Г1иц1го гьелъул бадиб бихьулаан гъваридго баччун бугеб къварильи, росасухъ урхъи, гьабизе жо т1аг1араб къисматалъе мут1иг1лъи.

Заманалдасан лъимал г1уна, ц1алана, рукъалде руссана. К1удияв вас, рагъулаб хъулухъалдеги лъугьун, шагьаралда бугеб рукъов хъизангун яшав гьабун ч1ана. Гьит1инавин абуни, жиндирго инсул минаги ц1игьабун, г1агараб росулъ школалда муг1алимлъун х1алт1изе лъугьана. Лъималазул лъималлгун, нусалгун Маринал хъизан г1емер бак1арулаан цадахъ ва, гьезул талих1алда жиндиргоябги борцун, Маринаги йик1унаан йохун.

Дагь-дагьккун, Маринаца яшав гьабураб бак1 х1алъун шагьаралъул бут1алъун.

Гьоболлъухъ яч1унейийгилан к1алъалей дие Маринал телефоналъ жаваб гьабулеб бук1ана гьеб свинабун яги щолареб бак1алда бугилан. Халаткkун бахъараб х1аракаталда хадуб, ахирги раг1ана булбулалъул х1анч1ил г1адаб Маринал телефоналъул зури.

- Мун шагьаралдайищ йигей? Хех яч1а сордо базе. Дун дагьалъ к1оларого йиго. Анищазда йик1ана лъицадай дие квен кьелаян. Кидаго г1адин, дие кумек х1ажалъидал, киналго ратана ц1акъго х1алакун. Г1уруса абухъе, холодильникалъубги г1унк1к1цин жибго жинцаго гьанкъун буго. Бич1ч1улищ дица абураб? Дун духъ ялагьун ч1ун йиго. Ч1ая, дун гьаний цо телефоналдаса ах1иялъухъа яхчулей йиго. Гьединлъидал, дица гьаб свинабулеб буго.

- Марина, къвариг1араб дару яги цогидаб бугебищ? Щиб кваназе бокьилеб дуе? Нухдасан суши босилищ?

- Щибилая? Мунгийищ гьеб шагьаралъулазул унтиялъ унтарай? Ралъадал рахун дорехун ругезул квен бецци жибгоги тун, дол дурго пурщабиги росун диде т1аде щва.

- Гуро, васасул ясалъ г1адгьайидал, цоц1ул кванан бук1ана дица суши, - ян дидасаго г1айиб бац1ц1ине лъугьарай дихъ г1енеккич1о Марина.

Дида щибниги лъаларо, дун дур пурщабазухъ ялагьун ч1ун йигоянги абун, - Маринаца телефон свинабуна.

Сушиялъулгун дир ккараб бук1ана релъанхъизе рекъараб хабар. Гьединаб квен бук1ин лъаниги, дие кваназе гьеб щун бук1инч1о. Васасул ясалъ, телефоналда ругел сураталги рихьизаруларо, дие бицунеб бук1ана суши кваназе кафеялде ун рук1анилан.

-Суши щиб жо кколеб?

Дир суалалъ гьит1инай ясалъе кеп щвана.

- Бабу, дуда сушиищ лъалареб, дуца гьеб кванач1ебищ?

Щибали лъалареб жо кванач1ого, нилъерго рукъоб гьабураб квен кванан лъик1ин, гьелъухъ г1адада г1арац кьеч1ого, нилъедаго лъалеб т1аг1амаб ниг1маталъул квен т1ок1аб бук1инин насих1ат гьабизе х1албихьарай дихъ х1икматалда ялагьулей йик1ана гьит1инай яс. Гьелъ сверухъ киназего бицунеб бук1ана жиндир к1удияй эбелалда жеги суши щибали лъаларин ва кванан гьеч1ин абураб хабар. Дунго х1икмалъун йик1ана киназего гьеб хабар г1аламатаблъун ккедал. Эбелалъул кванил рахъалъ бугеб бич1ч1ен г1ат1ид гьабизе ккелиланги абун, васас, г1адамалъе яхъинелъун, дун ячана суши кваналеб кафеялде. Ругьунаб къаг1идаялда Китаялъул г1уч1алги кодоре росун, гьит1инай ясалъ дида суши кваназе малъулеб сурат бихьарав чиясе ц1акъго кеп щвезе бук1ана. Гьеб гьин кьвариг1ел гьеч1еблъунги рик1к1ун, кверлалъ босун суши кваназе дун лъугьиндал, гьит1ич нечадго сверухъ ялагьана. Нижехъ ралагьулел гьенир рук1инч1о. Киналго рук1ана суши кваналел, ва г1емерисез кверал х1алт1изарулел рук1ана г1уч1азул бак1алда. Кин бугониги, васасул яс разиго йик1ана жинца к1удияй эбелалда малъараб х1ажатаб ишалдаса. Дие суши бокьана, амма х1ал лъазе теч1о. Лъабго къоялъ хъизан кваназе г1олеб къадаралъул г1арац, къвариг1ел гьеч1ого, цо нухалъ кваналеб квеналъухъ кьейи лъик1 бихьуларин дидаян малъиял васасул хъизамалъе гьарулей йик1ана дун.

* *

Нусалъул кумекалдалъун, г1урччинлъиялъулгун нисдал пурщабазул гох1ги гьабун, рокъоса босараб т1орахьалъул банкагун цадахъ гьелги тастамаялда гъорлъ жемун, дун къват1ие яхъине х1адурлъана.

- Дур пурщабазде данде суши кинха ккелеб, бабу? Амма дие сушиги бокьулахa. Дица гьабсаг1ат дуе такси ах1ила,- янги абун, васасул яс шагьаралъул г1умру лъаялъулъ жийго т1ок1ай йик1ин бич1ч1изе гьабулеб г1адин, телефоналдасан к1алъазе лъугьана.

- Бабу, бач1унеб буго машина **«Лада – приора»**, хъах1аб кьералъул, номер нусиялда цо.

Яс, дунги ячун, азбаралде рещт1ана.

- Мун номералъухъ ялагьун гурони, машинаялде яхунге, бищун ц1ик1к1ун бащдаб саг1аталдасан дуца абураб бак1алде щвезаюлей мун гьаб таксистас. Нух бит1аги, Марина ункъачоде салам бице.

Гьит1ичалъ дун, малъа-хъван, нухда рег1ана.

***Пат1а АЙТЕМИРОВА.***

**(Хадусеб бук1ине буго)**

# Тухум – кьибилго лъикIаб букIана

**Инсанасул рухIияб дунял цебетIезабиялъул аслияб рахълъун ккола тухумалъул цоцалъ бугеб бухьен, гъунки ва гIадатал цIуни. Заманалъул хиса-басиязда рекъон, гIамал-хасият хисизе течIого, жидерго наслуялъе лъикIаб тарбия кьеялъ, тухум жеги щула гьабула. Гьеб букIуна рухIияб рахъалъ бечедал, гIаданлъи, яхI-намус бугел, сахаватал гIадамаздалъун машгьураб. Инсан ракьалда даим вукIунаро. Нилъедаса ратIалъун хадурги, гьел гIадамазул тухум-кьибилалъул къимат цIикIкIараб букIуна.**

Районцоязда, хасго чIахIияб гIелалъул гIадамазда, гьоркьов ватиларо Шияводин Яндаев лъаларев чи. Гьев ккола нилъер республикаялъул мустахIикъав агроном, районалъул хIурматияв гражданин, анц1-анцI соназ, ракIбацIцIад,гьабураб хIалтIухъ щварал гIезегIанал шапакъатазул бетIергьанчи. Гьесул хIакъалъулъ цо чанго нухалда хъван букIана «Чапар» газеталдаги. Амма, ракIчIун, абизе кIола гьесул тухум-кьибилалъул хIакъикъат лъалел гIемер гьечIин. Бокьун буго гьел лъикIав инсанасул тухумалъул хIакъалъулъ цодагьабго баян кьезе.

Биценалда рекъон, Шияводинил кIодоэмен Нуцалханил эбел ПатIимат кколей йикIун йиго Шамиль Имамасул наиб Умалатил яслъун. Нуцалханил имгIал (хадусан вакьадги) кIиго нухалъ хIежалде уна. ЦIар рагIарав гIалимчи ПамиргIалихIажиги гьевги рукIун руго гьудулзабиги. ПамиргIалихIажие жиндаго аскIоб мина базе бакIги гьес кьун буго. (Гьеб минаялъул чIваднал жакъаги гьенир руго).

Нуцалханица гIараб гIелмуялъул дарсал гьесдасан росула ва гьев лъугьуна Салатавиялъулго гIадамал жиндихъе хьвадулел гIалимчилъун. Кинаб букIаниги хъулухъ гьабиялъухъ гьес мухьги босулеб букIун гьечIо, Аллагьаселъун гьабулеб бугиланги абун. **«Гъваридаб»** херлъиялде щвезегIан, гIумруялдаса ратIалъарал нухда регIиялдасан байбихьун, гьес жамагIаталъе бажарараб кумек гьабуна.

ГIезегIанго гIадамал, диналда хурхарал суалал рича-чвазе, рачIунел рукIун руго гьесухъе

ЯхI-намус цIикIкIарав, гъваридаб динияб лъай бугев, ракIбацIцIадав гьев вукIинчIевани, гьедин гьесухъе гIадамал, гьай-гьай, хьвадилароан.

Нуцалханил кIиго вас (Насрула ва Къурбанав) КIудияб ВатIанияб рагъда шагьидлъула. Лъабабилев (Янда) рагъдаса тIавуссуна,гьев ккола Шияводинил эмен. Гьединго, Нуцалханил йикIуна 3 ясги. Гьесул лъади Сарагьизги йикIуна гIаданлъиялъул, яхI-намусалъул рахъалъ Нуцалханидаса нахъе ккечIей.

Унтаралгун щокъазде, сайгъат-саламгун гьей, гьоркьов чи течIого, щвезе уней йикIун йиго. Херлъиялъ къвал базегIан хIалтIана Яндаги колхозалда. Гьевги гьесул лъади СаихIатги гIемерал соназ хIалтIана ракIбацIцIадго ва щивниги чияс рагIи абулареб къагIидаялда. Гьез гIезабуна ва гIумрудул нухда тIоритIана щуго лъимер. Шияводинил вац МухIамад вахъана бухгалтерлъун, гIемерал соназ гьев хIалтIана сельсоветалъул секртарьлъун. Яц РабигIат, росдал гьоркьохъеб школа лъугIун хадуй, хIалтIана библиотекаялъе нухмалъулейлъун, сельсоветалъул председательлъун. Гьеб хIалтIи гьелъ тана, вакьад вас секретарьлъунги вукIун, председательлъун йикIин рекьон гьечIиланги абун.Хадусан, заочно педучилищеги лъугIизабун, хIалхьиялде инегIан, гьей хIалтIана мугIалимлъун. Бищун гьитIинай яц Эмилат хIалтIана ЧIикIаб ГЭС балелъуй ва гьений гIумру гьабулей йиго. Ш. Яндаевасги, жиндие щвараб лъикIаб тарбияги кьун, гIезаруна васги ясги, гьезулги буго тIадегIанаб лъай. Яс Маржанат хIалтIулей йиго Дилим росдал лицеялда тарихалъул мугIалимлъун, вас ХIажимурад, сельхозакадемияги лъугIизабун, хIалтIана районалъул хурдул цIуниялъул станциялъул начальниклъун.

P.S. **Алмахъалда гIагарда букIараб утаралда яшав гьабун вукIана Янда. МагIарде унел ва гьениса тIадруссунел рещтIунаан гьесухъе. Цониги чи виччалароан Яндаца гьоболлъи гьабичIого. Гьеле, гьедин къимат цIикIкIараб тухумалъул чилъун ккола Шияводин Яндаев.**

***Хайрудин ВИСАИТОВ, Калининаул росу.***

# ОМВД извещает…

### *Уважаемые жители района!*

С **20.08.2018г. по 26.08.2018г**. на территории нашего района проводится оперативно-профилактическая операция **«Должник».** В указанный период времени будут установлены и привлечены к административной ответственности лица, не уплатившие административные штрафы в установленный законом срок.

В связи с чем, жителей района, имеющих административные штрафы, просим обратиться в отдел МВД России по району для оплаты имеющихся штрафов.

*Отдел МВД России по Казбековскому району*

## Меры наказания, предусмотренные законодательством за несвоевременную уплату административного штрафа

### Уважаемые жители района!

На сегодняшний день очень остро стоит проблема взыскивания штрафов за административные правонарушения с лиц, которые не оплатили их в установленный законом срок. Не секрет, что далеко не все граждане, совершившие административные правонарушения горят желанием вовремя оплатить наложенный на них административный штраф.

Сотрудники отдела полиции, уполномоченные составлять административные протокола, в обязательном порядке, при выявлении административного правонарушения и вынесении постановления о наложении административного наказания в виде штрафа, дают соответствующие разъяснения правонарушителям действующего административного законодательства, а также о необходимости своевременной уплаты наложенного административного штрафа, т.е. в течение 60 дней.

Для сведения, в соответствии с частью 1 статьи 20.25 и статьи 32.2 КоАП РФ, в случае, если гражданин не уплачивает административный штраф в 60 - дневной срок со дня вступления постановления в законную силу, гражданин может быть привлечен к административному штрафу в двукратном размере суммы, не уплаченного административного штрафа, но не менее тысячи рублей, либо административному аресту на срок до пятнадцати суток, либо обязательные работы на срок до пятидесяти часов.

Также, с 1 января 2016 года в Российской Федерации вступил в силу закон о скидках на административные штрафы, наложенные по линии ГИБДД. Суть его проста, если гражданин, привлеченный к административному наказанию в виде штрафа, уплачивает штраф в течение 20 дней с момента получения постановления о наложении штрафа, законом предусмотрена скидка на 50%, то есть, могут платить только половину предусмотренным законом суммы. Данным законодательством предусмотрены скидки по штрафам ГИБДД почти на все нарушения Правил дорожного движения, кроме нижеперечисленных статьей КоАП РФ:

1. Повторное управление транспортным средством, не зарегистрированным в установленном порядке (ст. 12.1 ч.2 КоАП РФ);
2. Управление транспортным средством водителем, находящимся в состоянии опьянения, передача управления транспортным средством лицу, находящемуся в состоянии опьянения, отказ от медицинского освидетельствования или употребление алкоголя после дорожно-транспортного происшествия (ст. 12.8 КоАП РФ);
3. Повторное превышение скорости на величину более 40 км/ч (ст.12.9 ч.6 КоАП РФ);
4. Повторный проезд на запрещающий сигнал (ст. 12.12 КоАП РФ);
5. Повторный выезд на встречную полосу в нарушение Правил или движение во встречном направлении на дороге с односторонним движением (ст.12.15 ч.4 КоАП РФ);
6. Причинение легкого или средней тяжести вреда здоровью потерпевшего вследствие нарушения Правил дорожного движения (ст. 12.24 ч.1-2 КоАП РФ).

Но, однако, продолжается порочная практика уклонения граждан от уплаты административного штрафа не только в установленный законом в 60дневной срок, но даже вообще не собираются его оплатить.

Поэтому, в целях соблюдения требований административного законодательства, сокращения сроков взыскания административных штрафов, повышения эффективности деятельности по принудительному взысканию постановлений органов внутренних дел о наложении административных штрафов, на территории района проводится оперативно-профилактическое мероприятие, под условным наименованием **«Должник»**.

В ходе проведения таких мероприятий, основное внимание будет обращено на установление и привлечение к административной ответственности лиц, не уплативших административный штраф в установленный законом срок.

***Инспектор по ИАЗ ОМВД России по Казбековскому району,***
***лейтенант полиции М.А. ЗУБАЙРИЕВ.***

*Культура ва инсан*

# Умумузул свингьеч1еб гъансито...



Гьединаб ц1аралда гъоркь, культураялъул Централъул х1алт1ухъабаз районалъул росабалъ т1орит1улел руго музыкалиялгун театралиял церерахъинал.

Гьел т1орит1иялъул мурадлъун ккола умумузул лъик1ал г1адатал ц1игьари, г1олеб г1елалъе рух1иябгун хьвада-ч1вадиялъул рахъалъ бит1араб тарбия кьеялъе квербакъи, Ват1аналдегун халкъалде рокьи бижизаби, г1адамазда гьоркьоб гьудуллъиялъулгун вацлъиялъул бухьенал церет1езари ва щулалъизари.

Церерахъиназул т1оцебесеб т1обит1ана 8 августалда Алмахъ росулъ. Культураялъул х1алт1ухъабаз гьенир рихьизаруна – Расул Х1амзатовасул **«Маг1арулай»,** Б.Х1ажиевасул **«Бах1арчилъи ва хиянатлъи»** драмабазул, Г1.Х1ажибековасул **«Аршин мал алан»** ва Г.Гагиевасул **«Москваялъул бах1арав»** музыкалиял комедиязул, **«Муг1рузул Г1али»** халкъияб произведениялъул бут1аби.

Абизе ккола, церерахъиназдасан бич1ч1унеб бук1анин культураялъул х1алт1ухъаби балагьизе рач1аралгун дандч1вазе лъик1 х1адурлъун ругоанин. Гьеб бихьулеб бук1ана артистазул рат1лидасан ва декорацияздасан байбихьун.



Балагьараз церерахъиназе лъик1аб къимат кьолеб бук1ин бихьулеб бук1ана ризго ва халатбахъун гьабулеб хъатч1ваялдасан.

Театралиял церерахъинал х1адурарав, махщел бугев ва г1олохъанав артист Мух1амад Дудувасе, Рамазан Гъанищевасе, г1олилал-артистал: Хатимат Рамазановалъе, Алжанат Алиукъаевалъе, Фузайль Къурбановасе ва цогидазе балагьараз рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабуна, гьез артистал к1одо гьаруна т1угьдул ва сайгъатал кьеялдалъун. Гьединго, к1очонареллъун лъугьана Руслан ва Лайла Имамирзаевазулгун Мухтар Х1айбулаевасул церахъиналги.

***Х1. КАРИМОВА.***

# Рахьдал стакан

Гьаб дунял нилъее хIалбихьиялъе кьураб бакIилан абула. Гьединго абула, инсанасул гIамал-хасиятазул бищунго лъикIаб - цоцазе лъикIлъи гьаби бугилан. Нилъеда кIочонаро хIал щвараб мехалъ чияца гьабураб кумек. Нилъ рукIуна гьесухъа нечон ва **«Киндай гьеб нахъе бецIила, щибдай гьабила?»**-ян абун. Лъие бокьулеб нилъго налъукь хутIизе? ЛъикIлъи гьабуразе лъикIлъиялдалъун жаваб кьезе рес ккеялдаса кIудияб рохел дида лъаларо.

Жакъа гьаниб бицен гьабизе бокьарав тохтурасул хIакъикъияб хабар батана интернеталда. ЛъикIал къиматазда гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, дун лъугьана мадугьалихъ бугеб шагьаралъул мединституталде. ЦIалун лъугIизегIан дие гIарцудалъун кумек гьабизе эбел-инсул рес букIинчIо. Дир хIукму ккана диего бетIербахъиялъе даран гьабизе.

Щибаб гьатIан къоялъ дица базаралда гIиси-бикъинаб жо бичулаан ва гьелдалъун бет1ербахъи гьабулаан.

Цо гьатIан къо бачIана роччараб, ц1ад балеб. Базаралда г1адамал дагьал гурони рук1инч1о ва дие даран бит1ич1о. Дир кисаниб **"гьури хьвадулеб"** бук1ана. Къоялъ кваначIев дун вакъиялъ рухI дагьлъун лъугьана. Рукъобги кваназе щибго жо букIинчIо. Гьедин ургъалида вукIаго, дица базаралда гIагарда бугеб цо рукъалъул нуцIида кIутIана. КъватIие яккана цо берцинай гIадан. КигIан нечаниги, дица гьелда гьекъезе лъим кьеян абуна.

Гьей жание ана. (Гьелда дун вакъун вук1ин бич1ч1ун батула). Гьеб лахIзат дие букIана кутакалда захIматаб, нечезе ккараб. Гьелъ дие рахьдал стаканги чедги бачIана. Дица гьеб гъираялда кванана, гьелъие баркалаги кьун, абуна: **«Дун хIадурав вуго бокьараб хIалтIи гьабизе, абе щиб гьабизе кколеб?»** - ан. ЧIужугIадан гьимана, щибниги гьабизе кколаринги абун, нахъе ана.

Ана сонал. Дир цIали лъугIана, гьабуна хъизан. ХIалтIулев вукIана больницаялъул бетIерав тохтурлъун. Дирго гIумруялда рази вукIаниги, кIочоней йикIинчIо доб чара къосараб къоялъ дие кумек гьабурай чIужугIадан.

Цо нухалъ больницаялде йосун ячIана захIматго унтарай гIадан. Дида гьей йихьарайго лъана. Гьелда йорхизецин кIолеб букIинчIо. Бич1ч1унеб бук1ана, гьелъул сахлъи тIадбуссинабизе ккани, операция гьабизе кколеблъи ва гьелъие цIикIкIараб гIарацул къадар х1ажалъулеблъи. Больницаялда чIобого дару гьабулароан. Щибниги цIех-рех гьабичIого, дица байбихьана гьей сахлъизайизе.

Ахирги гьей хIатIазда яхъун чIана ва гьелъ баркала загьир гьабуна. Рокъое йиччалеб къоялъ дица гьелъухъе кьуна гьей сах гьайиялъе хвезарурал дарабазухъ араб г1арцул къадар хъвараб кагъат. Гьей к1удияб ургъаликье ккана.

Ахиралда хъварал раг1аби цIалидал,гьей дихъ ялагьана ва кутакалда гIодана. Дица гьениб хъван бук1ана:**«Дуе гьабураб даруялъул бак1алда ч1ана дуца дие цо заманалда кьураб рахьдал стакан ва дуца гьеб цебего дие бецIана»**, -ян.

***Интерноталдаса босараб.***

*Бетlерав редактор:*
*Мухтар ГIалиевич Чупалаев*
*тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*МухIамад-Шарип*
*ГIабдулашимов*
*тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:*
*ХIалимат Каримова,*
*Ибрагьим Идрисов,*
*Сапият СултанмухIамадова*
*Фотомухбир:*
*Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева,*
*Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес:*
*Хасавюрт шагьар, ООО*
*"Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна*
*редакциялъул компьютералъул цехалда.*
*Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.*
*Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация*
*МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул)*
*адрес: РД, Казбек район, Дилим росу,*
*368141, Саид-Афандил къват1,2*
*Индекс: 51354*
*Заказ №116 Тираж 1300*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД*
*19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул*
*жаваб авторас кьола*